



Pou Piblikasyon Imedya: 27/02/2026

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL LANSE YON KANPAY SANSIBILIZASYON PIBLIK POU EDIKE NOUYÒKÈ YO SOU AKSÈ AK TRETMAN SANTE KONPÒTMANTAL**

*Kanpay la ap kontinye jiska mwa jen an; li mete aksan sou inisyativ Gouvènè a pou amelyore aksè ak swen sante mantal ak pwoblèm abi sibstans*

*Kanpay 'Swen Reyèl, Aksè Reyèl ak Sèvis Sante Mantal' ap edike konsomatè yo sou dwa yo dapre règleman sou kantite founisè sèvis Nouyòk la*

*W ap jwenn foto piblisite kanpay sansibilizasyon piblik la [disponib isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul anonse jodi a lansman yon kanpay sansibilizasyon piblik pou edike Nouyòkè yo sou règleman ki amelyore aksè a swen sante mantal ak twoub abi sibstans. Kanpay 'Swen Reyèl, Aksè Reyèl ak Sèvis Sante Mantal' ('Real Care, Real Access to Behavioral Health Services) la mete aksan sou règleman ki bay Nouyòkè ki gen plan sante kalifye aksè ak premye randevou pou pasyan ekstèn pou swen sante mantal nan dis jou ouvrab apre deman lan epi ki egzije pou konpayi asirans yo ede moun ki asire yo jwenn aksè ak swen yo gen dwa resevwa a. Kanpay la gen ladan l tou [yon nouvo sit entènèt](#) ak enfòmasyon sou dwa pasyan yo ak kijan pou depoze yon plent si yo vyole dwa sa yo.

"Chak Nouyòkè merite gen aksè ak swen yo bezwen an, epi li enpòtan kounye a plis pase tout tan pou Eta a kontinye elaji sèvis yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou lanse kanpay sansibilizasyon piblik sa a, plis moun atravè eta a pral kapab konnen dwa yo anrapò ak tretman sante mantal epi jwenn opsyon ki pi abòdab pou founisè yo."

Dirije pa Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) ak Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta a, kanpay edikasyon piblik nan tout eta a gen pou objektif ankouraje plis Nouyòkè pou jwenn aksè a swen sante mantal ak twoub abi sibstans nan rezo a epi konprann dwa yo dapre règleman sa yo. Jiska mwa jen an, piblisite miltileng yo pral parèt sou plizyè platfòm dijital ak deyò kay, tankou [rezo sosyal](#); siyalizasyon transpò ak kyòs dijital; televizyon ak radyo tradisyonèl; ak sou lòt platfòm dijital, tankou sèvis difizyon mizik ak videyo.

Kanpay la mete aksan sou poto règleman sante mantal Nouyòk yo, tankou:

**Randevou alè**

Nouyòkè ki kouvri pa kontra asirans sante endividyèl ak gwoup ki sijè a lalwa Nouyòk tankou kontra ki akeri atravè Mache Sante Eta Nouyòk la, Swen Jere Medicaid, Child Health Plus, ak Essential Plan, gen dwa wè yon founisè swen sante mantal oswa twoub abi sibstans nan dis jou ouvrab pou premye vizit ekstèn yo, oswa sèt jou kalandriye pou yon swivi apre yo fin kite lopital oswa nan sal dijans.

### **Èd pou jwenn founisè**

Plan sante yo dwe afiche sou sit entènèt yo yon anyè egzat ak ajou sou rezo founisè swen sante yo a, ki gen ladan vil/komin founisè a ak kòd postal, opsyon telesante, lang yo pale si founisè a se yon pwofesyonèl swen sante, nenpòt restriksyon konsènan kondisyon yo trete oswa laj yo sèvi, ak nenpòt afilyasyon founisè a genyen ak etablisman patisipan yo, pou site enfòmasyon sa yo sèlman.

Règleman yo egzije tou pou plan sante yo gen anplwaye dedye ki ka ede moun ki asire yo jwenn yon founisè nan rezo a ki trete pwoblèm sante mantal espesifik moun ki asire a. Anplis de sa, plan sante yo dwe bay yon lis founisè ki nan rezo a ki disponib pou trete pwoblèm sante mantal espesifik moun ki asire a nan twa jou ouvrab, apre demann yon moun ki asire oswa yon moun ki asire a deziyen.

### **Swen Deyò Rezo a**

Si yon moun ki asire pa kapab pran yon randevou ak yon founisè swen sante mantal ki nan rezo a nan sèten tan datant paske pa gen okenn founisè konsa ki disponib, lè moun ki asire a, oswa yon moun ke moun ki asire a deziyen an, ka soumèt yon plent aksè bay plan sante a. Plan sante a gen twa jou ouvrab apati dat li resevwa plent aksè a pou l jwenn yon founisè nan rezo a ki ka trete pwoblèm sante mantal moun ki asire a epi ki kapab respekte tan datant randevou yo.

Si pa gen okenn founisè swen sante mantal ki disponib nan rezo a apre yon moun ki asire oswa yon moun ki asire a deziyen depoze yon plent aksè, plan sante a dwe apwouve swen nan men yon founisè ki pa nan rezo a ki ka respekte tan datant pou randevou yo. Pou asire ke pri a pa janm yon baryè pou jwenn swen, si yo apwouve yon founisè ki pa nan rezo a paske swen nan rezo a pa disponib, moun ki asire a sèlman dwe peye kopeman, ko-asirans ak franchiz ki nan rezo a.

**Sirentandan Pwovizwa Depatman Sèvis Finansye Eta Nouyòk la, Kaitlin Asrow, te deklare,** "DFS angaje l pou asire ke Nouyòkè yo gen aksè ak swen esansyèl yo gen dwa resevwa a. Yon eleman enpòtan pou aksè se konsyantizasyon — epi kanpay sa a fè efò pou asire ke chak moun ki gen asirans konprann dwa yo genyen pou swen konpòtmantal nan Nouyòk."

**Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta Nouyòk (New York State Office of Mental Health), Doktè Ann Sullivan, te deklare,** "Chanjman règleman sa yo ap ede asire ke Nouyòkè yo gen aksè alè ak swen sante mantal epi ke plan sante yo, ki gen ladan konpayi asirans komèsyal yo, gen rezo adekwa pou sèvi yo. Kanpay sansibilizasyon piblik sa a pral pèmèt moun ak fanmi yo konprann chanjman ki an vigè kounye a epi asire yo gen aksè ak sèvis sante mantal ak itilizasyon sibstans ki gen kalite siperyè

chak fwa yo bezwen. Gaye nouvèl sou chanjman yo reflete efò kontinyèl Gouvènè Hochul pou elaji aksè a swen sante mantal pou tout Nouyòkè yo."

**Komisè Sante Eta Nouyòk, Doktè James McDonald, te deklare,** "Gouvènè Hochul konprann ke souvan premye etap pou moun ki bezwen swen sante mantal oswa swen sante pou itilizasyon sibstans se konnen ki sèvis ki disponib ak ki kote pou jwenn yo. Kanpay sansibilizasyon piblik sa a pral ede Nouyòkè yo navige nan opsyon ki disponib pou yo pou yo ka jwenn randevou alè, jwenn founisè nan rezo a epi yo ka jwenn swen san okenn frè siplemantè lè swen nan rezo a pa disponib. Eta Nouyòk ap kontinye rete yon lidè nan elaji aksè ak sèvis sante ki sove lavi ak sèvis sante mantal tout pandan y ap retire baryè ki anpeche swen."

**Komisè Biwo Sèvis ak Sipò pou Adiksyon (Office of Addiction Services and Supports, OASAS) Eta Nouyòk la, Doktè Chinazo Cunningham, te deklare,** "Nouyòkè yo pa ta dwe gen difikilte pou jwenn swen sante mantal ak swen pou pwoblèm abi sibstans yo bezwen an, lè yo bezwen li. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, Eta Nouyòk fè gwo pwogrè nan ranfòse aksè a swen sante mantal, epi inisiyativ sa a plis ankouraje aksè ekitab lè li asire randevou alè ak yon pi gwo responsablite nan tout plan sante yo."

**Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare,** "Antanke Prezidan Komite Sante Mantal Sena a, mwen rekonèt ke aksè enpòtan pou ede rezidan nou yo resevwa swen kritik yo bezwen an. Mwen bat bravo pou efò Gouvènè Hochul pou ogmante konsyantizasyon piblik la sou sèvis sante mantal nan Eta Nouyòk epi pou respekte dwa pasyan yo. Konpayi asirans yo dwe responsab pou asire ke gen rezo founisè adekwa nan chak kominote pou byennèt tout Nouyòkè yo."

**Senatè Eta a, Nathalia Fernandez, te deklare,** "Aksè ak swen sante mantal ak twoub abi sibstans se pa yon opsyon. Li se yon pati fondamantal nan sistèm sante nou an. Règleman sa yo ranfòse lefèt ke pasyan yo gen dwa epi konpayi asirans yo gen responsablite. Nòm klè pou randevou alè, rezo founisè transparan, ak responsablite reyèl nan men konpayi asirans yo ede asire ke Nouyòkè yo ka jwenn swen lè yo bezwen li."

**Manm Asanble Jo Anne Simon te deklare,** "Swen sante mantal ak twoub abi sibstans dwe fèt alè, transparan, epi trete avèk menm ijans tankou nenpòt lòt pwoblèm medikal. Nouvo kanpay sèvis piblik sa a nan tout eta a pral ede Nouyòkè yo konprann dwa yo, navige nan pwoteksyon an, epi konekte ak swen san reta. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou angajman li nan ranfòse aksè ak tretman sante mantal."

Règ sa yo pa aplike pou plan Lwa sou Sekirite Revni Retrèt Anplwaye (Employee Retirement Income Security Act, ERISA) ki finanse pa patwon yo. Nouyòkè ki pa sèten sou asirans yo ta dwe kontakte konpayi asirans yo oswa anplwayè yo. Moun ki bezwen sèvis pou pwoblèm sante mantal oswa pwoblèm abi sibstans ta dwe tcheke tou règleman asirans sante yo pou yon lis sa yo kouvri.

Nouyòkè yo ka depoze yon plent kont plan sante ki pa konfòm yo. Nouyòkè ki kouvri pa Medicaid, Essential Plan, oswa Child Health Plus ka depoze yon plent bay Depatman Sante (Department of Health) Eta a, alòske Nouyòkè ki gen asirans komèsyal ki reglemante pa eta a ka depoze yon plent bay DFS. Nouvo sitwèb la gen paj dedye pou bay plis enfòmasyon sou kondisyon asirans sante mantal ak twoub abi sibstans, pwoteksyon ak kijan pou depoze yon plent, vizite [isit la](#).

Pwojè Aksè Kominotè ak Swen Sante Mantal ak Adiksyon (Community Health Access to Addiction & Mental Healthcare Project, CHAMP) se yon resous ki disponib pou ede moun ki gen pwoblèm asirans ki gen rapò ak twoub itilizasyon sibstans ak swen sante mantal. CHAMP ka reponn kesyon, ede depoze plent kont konpayi asirans yo, epi ede ak apèl refi asirans yo. Pou aprann plis, vizite [www.champny.org](http://www.champny.org) oswa rele liy dirèk CHAMP la nan 1-888-614-5400.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta, 'HOPEline' 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)